



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 7 me 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON PWOJÈ \$1.5 BILYON DOLA POU RANPLASE  
PON GOETHALS LA**

***Ekip konstriksyon yo kòmanse travay sou pwojè ki pra l kreye 2,250 djòb ak \$872 milyon dola nan  
aktivite ekonomik pou rejyon an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse kòmansman ofisyèl konstriksyon yon patenarya piblik prive \$1.5 bilyon dola (PPP) pou ranplase Pon Goethals la avèk teknoloji modèn pon ki rete sou kab. Ranplasman pon sa a pral konekte Staten Island avèk Elizabeth, New Jersey e pral sèvi kòm yon avni enpòtan pou transpò plizyè bilyon dola machandiz ak vwayajè toupatou nan rejyon an.

Nouvo pon an pral gen ladann liy siplemantè ak zepòl 12-pye pou fasilite konjesyon ak akomode volim trafik yo prevwa ki pral genyen. Pon modènize a pral amelyore efikasite Depo Tèminal New York, pandan la p fè akomodasyon pou pwochen ogmantasyon nan plas la. Depo Tèminal la chita nan bouch pon an e sèvi kòm pi gwo anlwayè prive nan Staten Island.

“Jodi a nou lanse yon pwojè ki pra l sèvi vwayajè nan rejyon New York City pou jenerasyon ka p vini,” Gouvènè Cuomo te deklare. “The Goethals Bridge se yon venn enpòtan nan rezo transpòtasyon ki konekte milyon vwayajè nan rejyon New York, e administrasyon nou an ap travay enèjikman pou l fè ranplasman sa a yon reyalyte. Apre dis ane negosyasyon, konstriksyon nouvo pon an finalman ap avanse e mwen paka tann pou m wè l fini byen vit.”

“Gouvènè Cuomo te fè konnen klèman ke Port Authority dwe konsantre efò li sou amelyore enfrastrikti transpòtasyon rejyon an ak sèvi kòm yon kreyatè djòb ak machin ekonomik pou New York,” te deklare Direktè Egzekitif Port Authority Pat Foye. “Apre plizyè ane tep wouj nan anviwònman an, Port Authority kòmanse jodi a konstriksyon sou premye nouvo pon li nan 83 ane e tout rejyon an pra l wè benefis li kòm rezilta trè byento. Anbouteyaj nan tout gwo avni sa a pra l diminye pou plizyè milyon chofè, ak plizyè milye djòp pra l kreye nan pwosesis konstriksyon sa a.”

Goethals la se premye pwojè transpòtasyon sifas ki bati kòm yon vrè PPP nan Rejyon Northeast la. Pwojè a pral kreye plis pase 2.250 djòb nan konstwiksyon, plis pase \$224 milyon dola nan salè ak \$872 milyon dola nan aktivite ekonomik pou rejyon an.

Haitian Creole

Ansanm ak liy adisyonèl ki pi laj ak zepòl 12-pye, nouvo Pon Goethals la pra l bay yon pon dènye modèl nan teknoloji, ki gen ladann Sistèm Enfòmasyon Tanperati ka p kolekte done sou anviwònman an tankou vitès van, vizibilite, ak tanperati pave a. Pon an pral prezante yon Sistèm Deteksyon Trafik tou ki sèvi ak detektè ki entegre nan wout la pou bay alèt sou ankonbreman trafik pou plan sekou kapab aplike byen vit.

Anplis, nouvo estrikti a pra l restore aksè pou pyeton nan Pon Goethals la avèk yon chemen pou pyeton/bisiklèt, ki pra l bay yon bèl pasaj sekirize pou amizman ak lwazi. Nouvo Pon Goethals la pra l genyen yon garanti 100 ane, li pra l bati pou l enkli opsyon pou transpò kommen nan lavni, e pral konfòme avèk kondisyon Amerika sou acha asye.

Ilustrasyon nouvo Pon Goethals la disponib [isit la](#).

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Pwojè nouvo Pon Goethals la se yon priorite enpòtan pou Staten Island ak rejyon New York-New Jersey paske li pra l dekonjesyone trafik, ranfòse aktivite ekonomik ak kreye plizyè milye djòb. Mwen te lite anpil pou m asire ke pwojè sa a te rete nan delè ki te prevwa nan sekirize pèmi ki soti nan Etazini. Coast Guard avèk mwen kontan paske nouvo konstriksyon an pra l kòmanse byento. New York State ak Port Authority merite bonjan kredi pou lidèchip ak angajman yo nan rebati ak modènize lyen enpòtan sa a pou ekonomi rejyon nou an.”

Manm Kongrè Nita Lowey te deklare, “Envesti nan enfrastrikti New York se yon estrateji genyen. Pwojè sa a se yon kreyatè travay e li pra l bay nouvo opòtinite kwasans pou biznis nan rejyon ak kominote a. Mwen te yon bon sipòtè èd federal pou pwojè ekstraòdinè sa yo te kapab reyalize. Ma p kontinye travay depre avèk kòlèg mwen yo isit la nan Kongrè a e avèk gouvènè Cuomo pou ede ekonomi New York agrandi.”

Manm Kongrè Jerrold Nadler te deklare, “Nouvo Pon Goethals la se yon pwojè enpòtan pou Vil New York ak tout rejyon nou an. Nouvo pon sa a pral kreye plizyè milye djòb ak amelyore kalite lavi vwayajè yo nan pote amelyorasyon sekirite ki nesèsè ak ede elimine anbouteyaj. Kòm yon lyen enpòtan nan enfrastrikti transpòtasyon rejyon nou an, yon nouvo ak modèn pon pra l fasilite transpò plizyè bilyon dola an machandiz ak pral yon adisyon ki byen arive nan ekonomi lokal nou an. “

Senatè Diane Savino te deklare, “Nouvo Pon Goethals la, pra l retire tout santiman ensekirite chofè Island yo genyen lè ya p pase sou nenpòt nan pon yo ki gen liy ak zepòl ki pi laj. Li kreye plis pase 2,000 travay konstriksyon ak pompe \$872 milyon dola nan aktivite ekonomik nan zòn nan. Nan konjonksyon avèk agrandisman Otorout la ak refleksyon Verazzano youn nan rèv mwen yo pra l reyalize; menm jan avèk yon otobis ki pa gen kouti/HOV pran tout lajè Staten Island jis rive nan Tinèl Brooklyn Battery a pra l soulaje vwayajè ka p ale ak soti nan travay. Bravo pou Gouvènè Cuomo ak Ekip Port Authority pou entelijans yo nan pwojè sa a.”

Senatè Andrew Lanza te deklare, “Pon Goethals la ap sèvi popilasyon Staten Island ak New York byen depi 1928. Nan mitan youn nan pi gwo pasrèl kago ak machin ka p travèse nasyon an, pon an paka

Haitian Creole

satisfè estanda modèn ak sekirite ak demann yo ankò. Anons Gouvènè Cuomo pou kòmanse konstriksyon yon nouvo pon dènye modèl pou ranplase pon Goethals la, ki pral enkli yon pakèt amelyorasyon ak itilize teknoloji modèn, se yon bon nouvèl e sa pral asire bonjan konvenyans ak sèvis pou moun nan Staten Island ak tout rejyon an. Mwen vle remèsye gouvènè Cuomo ki ouvri wout pou mennen pwojè enpòtan sa a nan liy depa.”

Manm Asanble Michael Cusick te deklare, “Se yon nouvèl ki byen rive ke pwojè pou ranplase Pon Goethals avèk yon pon dènye modèl la kòmanse. Avni enpòtan sa a se yon koneksyon vital pou Staten Island ak Elizabeth, New Jersey epi li esansyèl pou ekonomi nou an ka p transpòte plizyè bilyon machandiz nan rejyon nou an chak ane. Li enpòtan tou pou moun Staten Island gen yon enfrastrikti serye ki bay yo yon vwayaj sekirize pou yo soti ak antre lakay yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak Port Authority pou avansman pwojè sa a. Li pra l amelyore kwasans ekonomi an ak kreye nouvo travay.”

Prezidan Staten Island James Oddo te deklare, “Pon Goethals ki la kounye a se yon estrikti ansyen ki pa ase pou l reponn a estanda trafik modèn yo. Pwoblèm li genyen yo se, liy pasaj ki trò sere, ak mank zepòl, afekte komès ka p antre ak soti nan Staten Island e sa lakòz moun lland yo andire anpil anbouteyaj lè ya p antre ak soti nan Staten Island. Yon sèl machin ki kanpe kont pou bloke trafik nan tout longè Otowout Staten Island la. Lè pon an fini, liy ki pi laj, ak yon liy adisyonèl nan chak direksyon, ak zepòl pral soulaje kèk nan kondisyon kwonik trafik limitasyon pon aktyèl la bay. Sa se bon nouvèl pou Depo Tèminal New York, ki depann grandman de pon sa a, ak pou moun Staten Island ki pra l genyen yon dènye modèl pon modèn ki pra l konekte yo avèk New Jersey. Mèsi Gouvènè Cuomo ak pat Foye pou kreyativite yo nan menmen patenarya prive-piblik sa a nan reyalite.”

Christopher Leslie, Fonksyonè Egzekitif An Chèf nan Macquarie Infrastructure Partners Inc. te deklare, “Nou kontan pou nou kòmanse konstriksyon nan pwojè ranplasman Pon Goethals la, ki pra l modènize yon pyès enpòtan nan enfrastrikti New York ak New Jersey. Bonjan kalite enfrastrikti esansyèl pou kwasans ekonomik, ka p pèmèt kominote yo gen aksè a sèvis sosyal ak travay, ak pèmèt vil yo navige pi byen. Pwojè sa a se yon gwo egzanp valè PPP kapab bay nan mete ansanm konpreyansyon kominotè ak apwòch disiplin komèsyal.”

Prezidan Depo Tèminal New York Jim Devine te deklare, “Yon nouvo Pon Goethals se yon gwo avantaj pou Depo Tèminal New York, pi gwo anlwayè prive nan Staten Island. Nouvo pon an pral ofri yon wout modèn ak liy adisyonèl ki pi laj, ka p pèmèt kamyon antre ak soti nan pò a pi fasil. Mwen ta renmen remèsye gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak Port Authority pou investisman yo fè nan enfrastrikti transpòtasyon Staten Island ki pra l ede fè NYCT pi konpetitif ak ogmante travay pou Staten Island ak rejyon an.”

Linda Baran, Prezidan ak Direktè Staten Island Chamber of Commerce (Chanm Komès Staten Island) te deklare “The Staten Island Chamber of Commerce (Chanm Komès Staten Island) akeyi plan Port Authority pou l ranplase ansyen Pon Goethals la avèk yon travès ki pral satisfè bezwen aktyèl ak fiti rejyon an. Nenpòt moun ki travès Pon Goethals kounye a kapad di ke li ansyen ak konjesyone. Bati yon

pon dènye modèl pra l kreye travay ak bay soulajman ki nesèsè pou biznis ak moun ki abite nan zòn nan. Nou remèsye gouvènè Cuomo pou vizyon li genyen pou l avanse pwojè transpòtasyon enpòtan sa a ak fè li yon priyorite.”

Sa se premye nouvo pon Port Authority te konstri nan New York depi 1931, lè Pon George Washington te ouvri pou trafik machin. Travay la ap fèt pa yon inovasyon PPP avèk lyen Patenarya NYNJ. NYNJ Link konpoze de Macquarie Infrastructure and Real Assets Inc. ak Kiewit Development, ansanm avèk kontraktè enfastrikti prensipal Kiewit, Weeks, ak Massman Construction. Gwoup divès sa a prezante lidè ki nan domèn konstriksyon ak finansman enfastriti.

Patenarya enfastrikti inik sa a pèmèt ajans la mentni kontwòl aktif la, pandan la p gen aksè nan konstriksyon sektè prive ak entretyen ekspètiz ansanm avèk kapital prive. Akò a pra l epaye Port Authority yon estimasyon dis pousan nan konstriksyon konbine ak depans antretyen pandan dire akò a kont pwòp estimasyon pwojè Port Authority, pandan la p diminye enpak ak kapasite dèt ajans la.

Devlopè a ap benefisye \$474 milyon dola nan yon pri ki ba an U.S. Prè DOT TIFIA ak emisyon \$461 milyon dola nan Bon Aktivite Prive. Port Authority kwè ankourajman yo enkli nan kontra pra l akselere livrezon pon konplè a pa omwen sis mwa nan konparezon avèk pwòp estimasyon konstriksyon Port Authority a.

Komisyon Konsèy Port Authority te bay kontra pou konstriksyon nouvo Pon Goethals la kòmanse an Avril 2013 ak aktivite avan-konstriksyon te kòmanse an Desanm 2013 apre plis ke dis ane planifikasyon ak revizyon anviwònman an. Komisyon Konsèy Port Authority te otorize premyeman planifikasyon ak preparasyon pou yon Environmental Impact Statement (deklarasyon Enpak Anviwònman) sou nouvo Pon Goethals la an 2003.

Yo estime ke konstriksyon yo kapab dire apeprè kat ane avèk premye sèvis ki kapab kòmanse nan fen ane 2016 la ak achèvmman sibstansyèl pon an kapab rive nan fen 2017. Pou asire livrezon rapid pwojè a, etap pèman pou devlopè a pa p kòmanse jiskaskè pon an prèske fini. Pon Goethals ki la kounye a ap rete ouvri jiskaskè sèvis kòmanse nan nouvo pon an.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418